

LKPD II

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi klik wangsulan kang bener yaiku a, b, c, utawa d.

Wacan kanggo mangsuli poitakonan nomer 1-2!

Kidang Kencana




Sawijining dina ing alas Dhandaka, Dewi Sinta kepengin kidang kang endah rupane. Banjur njaluk karo Rama supaya digawakena kidang mau. Kidang kencana banjur mlebu ing Tengah alas. Rama mlayu nguber kidang kencana nganthi ing tengahing alas. Tumekane ing Tengah alas, peteng ndhedet saklebatan kidang kencana ilang saka pandelenge Rama.

Ora suwe kidang mau katon ing ngarepe Rama, banjur Rama ngeculake panah tumuju ing kidang. Kidang kencana kena panahe Rama banjur rubuh ora duwe daya. Nalika kena panahe Rama, kidang mau malih dadi raseksa jenenge Kalamarica kang memba-memba (*menyamar*) swarane kaya Rama kang njerit-njerit njaluk tulung. Swara mau krungu nganti tekan Lesmana lan Sinta ing gubuge.

1. Paraga kang ala (*antagonis*) kang ana ing wacan ing ndhuwur yaiku
 - a. Kalamarica
 - b. Rama
 - c. Lesmana
 - d. Sinta
2. Saka wacan ing dhuwur, ana paraga Sinta, Rama, Lesmana. Sapa kuwi Sinta?
 - a. Garwane Lesmana
 - b. Adhine Rama
 - c. Garwane Rama
 - d. Ibune Rama
3. Dewi Sinta didhusta (*diculik*) dening raja dursila (*jahat*) kang asmane
 - a. Dasamuka
 - b. Lesmana
 - c. Kalamarica
 - d. Dasarata
4. Paraga kang memba-memba dadi kidang kencana yaiku
 - a. Sinta
 - b. Kalamarica
 - c. Rahwana
 - d. Resi Jatayu
5. Ana ngendi papan kedadeyan crita wayang Kidang Kencana?
 - a. Alas Roban
 - b. Alas Dhandaka
 - c. Kraton Ayodya
 - d. Ngalengka

6. Wateke paraga Rahwana yaiku ...
- Setya marang garwa
 - Welas asih
 - Licik
 - Seneng tetulung
7. Dasanamane Rahwana yaiku
- Dewi Manthili
 - Kumbakarna
 - Dasamuka
 - Kalamarica
8. Gatekana wacan aksara Jawa ing ngisor iki!



CS Digisidat dengan CamScanner

Tulisan latin saka aksara Jawa ing dhuwur yaiku

- Dewi Sinta kepengin kidang kencana
 - Dewi Sinta garwane Lesmana
 - Dewi Sinta garwane Rama
 - Dewi Sinta seneng kidang kencana
9. Apa pitutur luhur kang bisa kajupuk saka crita wayang kidang kencana?
- Dadi wong kudu tansah ngati-ati, aja gampang percaya karo apa wae kang katon apik
 - Dadi wong ora kena umuk utawa sombong
 - Dadi wong kudu sregep golek kanca
 - Dadi wong kudu seneng ngomongi wong liya
10. Gatekana gambar lan watek saka paraga ing ngisor iki!



1.	Rahwana	A.	Seneng tetulung
2.	Rama	B.	Setya dhateng garwa
3.	Sinta	C.	Ksatriya
4.	Lesmana	D.	Angkara murka

Pasangan kang trep saka gambar lan watek paragane yaiku ...

- 4 lan B
- 3 lan C
- 1 lan D
- 2 lan A